

PI BON PRATIK POU ASOSIYASYON AK JESYON BYEN IMOBILYE

- Trete tout moun k ap aplike yo ak rezidan yo menm jan kèlkeswa ras yo, koulè yo, relijyon yo, peyi kote yo soti, sèks yo, andikap yo, sitiyaasyon famiyal oswa lòt karakteristik lwa leta ak/oswa lwa lokal yo pwoteje.
- Mete kritè kalifikasyon yo alekri epi aplike yo nan menm fason pou tout moun k ap aplike yo.
- Etabli menm kondisyon yo pou tout moun k ap aplike yo.
- Bay enfòmasyon sou ak/oswa montre tout moun k ap aplike yo tout apatman ki disponib pou lwe oswa chak grenn apatman ki pou vann.
- Pa janm dekouraje moun k ap aplike yo pou yo fè sa oswa di yo ta pi kontan si yo viv yon lòt kote.
- Pa refize lwe/vann bay fanmi ki gen timoun sof si kominote a kalifye pou eksepsyon "Lojman pou granmoun" dapre Lwa sou lojman san patipri a.
- Etabli yon seri demach alekri pou reponn demand pou aranjman ak modifikasyon ki rezonab rezidan ki gen andikap yo fè oswa demann lòt moun fè nan non yo.
- Egzamine tout dokiman k ap fè pwomosyon ak piblisite pou asire n pa gen okenn sijesyon yon preferans, restriksyon oswa diskriminasyon ki baze sou klas ki pwoteje.
- Egzije fòmasyon nan kesyon lojman san patipri pou administratè yo, manm konsèy yo, anplwaye yo ak ajan imobilye.

Aksè ak lojman san patipri se dwa w!

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope kominote ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sansibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Pou plis enfòmasyon pou pran randevou pou yon fòmasyon nan kesyon lojman san patipri, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite southcoastfairhousing.org oswa voye yon imèl nan info@southcoastfairhousing.org.



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

SouthCoast Fair Housing

257 Union Street
New Bedford, MA 02740
(774) 473-9994

1005 Main Street, Suite 1210
Pawtucket, RI 02860
(401) 285-2550

SouthCoastFairHousing.org

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou piblikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini. Depatman lojman ak devlopman kominotè. Kontni ak rezilta travay la se pou piblik la. Sèl responsablite moun ki ekri l la ak moun ki pibliye l la se se veye presizyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesèsman refleto opinyon gouvènman federal la.



**GID LOJMAN SANPATIPRI
POU BLÒK APATMAN,
KOPERATIV AK
ASOSIYASYON
PWOPRIYETÈ KAY**

KESYON MOUN POZE SOUVAN AK REPONS

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akoz ras, koulè, relijyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sityasyon famiyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

laj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta sivil • resevwa èd leta * (pa egzanp, kupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman* (pa egzanp, Seksyon 8) • jenetik* • estati kòm viktim vyolans domestik :):

* Massachusetts sèlman • t Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyete. Pwopriyete, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyete kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.

Ki definisyon yon andikap?

Yon andikap se yon pwoblèm fizik oswa mantal ki redui anpil youn oswa plis nan prensipal aktivite nan lavi a, tankou pran swen pwòp tèt ou, fè travay manyèl, mache, wè, tande, pale, respire, aprann ak travay. Sa gen ladan l tou lefètke yon moun gen yon dosye ki gen rapò ak yon andikap konsa oswa yon dosye konsènan yon moun yo di ki gen yon andikap konsa alòske yo pa genyen l vre.

Ki sa ki yon aranjman rezonab ye?

Founisè lojman yo dwe pèmèt aranjman rezonab rezidan yo mande yo. Yon "aranjman rezonab" se yon chanjman, eksepsyon oswa ajisteman nan yon règ, politik, pratik oswa sèvis ki ka nesèsè pou yon moun ki gen yon andikap ka gen menm opòtinite pou yo itilize e pwofite yon lojman. Pa egzanp, aranjman rezonab gen ladan pèmèt yon bèt ki la pou ede yon moun menm si selon politik yo "pa dwe gen okenn bèt domestik". Yon lòt egzanp ki kouran se kreye yon espas pakin aksesib ki rezève pou yon rezidan byen presi.

Ki sa ki yon modifikasyon rezonab?

Founisè lojman yo dwe pèmèt modifikasyon rezonab rezidan yo mande yo. Yon "modifikasyon rezonab" se yon chanjman nan estrikti ki deja egziste nan batiman ki gen moun k ap viv ladan l oswa yon moun ki gen yon andikap pral viv landan l, yon fason pou l ka itilize epi byen pwofite lokal la. Modifikasyon rezonab ka gen ladan chanjman nan estrikti anndan ak deyò lojman yo, ak nan espas plizyè moun ap itilize yo ak espas piblik yo. Se rezidan an k ap peye pri modifikasyon an. Modifikasyon rezonab gen ladan l enstale ba pou moun kenbe oswa ranp, bese espas kontwa yo, ak pèmèt yon lokatè soud oswa ki gen difikilte pou l tande enstale ekiman ki rele stwob la.

Èske yo konsidere tout demann yo kòm rezonab?

Yo ka refize yon demand pou yon aranjman rezonab si lè yo bay aranjman sa a sa ap mete sou do founisè lojman yon gwo chaj nan domèn finansye ak nan domèn administratif oswa sa t ap chanje nèt nan nati operasyon founisè a, yon bagay yo detèmine ka pa ka.

Lè yon founisè lojman refize yon demann anrapò ak aranjman paske li pa rezonab, founisè a ta dwe pale avèk moun ki fè demann lan si gen yon lòt aranjman ki ta ka satisfè yon fason efikas bezwen ki gen rapò ak andikap moun kap fè demann lan.

Èske asosyasyon an ka mande detay oswa prè ki montre yon moun andikape?

Founisè lojman an ka mande pou l verifye si yon moun andikape vre, si se pa yon bagay ki parèt akèl oswa nan ka kontrè se pa yon bagay founisè lojman an konnen, e li ka verifye si yon demann gen rapò ak andikap sa a. Si yo mande sa, moun nan ka bay yon deklarasyon alekri ki soti nan men yon pwofesyonèl medikal oswa yon pwofesyonèl sèvis sosyal oswa lòt moun oswa yon antite fè konnen moun sa a k ap aplike a / rezidan an kalifye kòm yon moun ki gen yon andikap. Founisè lojman an pa ka mande moun ki gen yon andikap oswa pwofesyonèl ki sètifye sa a enfòmasyon sou kalite oswa gravite andikap moun nan.

Kisa sityasyon famiyal ye?

"Sityasyon famiyal" vle di gen timoun ki poko gen 18 an nan fanmi an. Sa gen ladan fanm ansent ak moun ki nan pwosesis pou yo adopte timoun oswa pou yo vin responsab legal yon timoun / plizyè timoun. Timoun yo gen ladan l timoun yo adopte ak pitit pitit toutotan moun nan se responsab legal oswa li gen pèmisyon alekri.

Si sèl apatman ki disponib yo nan etaj anwo yo, èske kominote a ka refize lwe yo bay fanmi ki gen timoun?

Non. Se moun k ap aplike yo k ap detèmine si yo gen nenpòt preferans konsènan ki etaj yo prefere.

Nan ki sikonstans yon kominote oswa yon asosyasyon ka pa aksepte fanmi ki gen timoun?

Kominote ki kalifye pou eksepsyon "Lojman pou granmoun yo" dapre Lwa sou lojman san patipri yo gen dwa pa aksepte fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 an. Kominote sa yo dwe satisfè tout kondisyon pou eksepsyon yo: Nan lojman pou moun ki gen 62 an oswa plis, chak rezidan dwe gen 62 an oswa plis; ak nan lojman pou moun ki gen laj 55 oswa plis, 80 pousan nan apatman yo dwe gen omwen yon moun ki gen laj 55 an oswa plis, e kominote a dwe ranpli lòt kondisyon, sa ki gen ladan ranpli sondaj yo.

EVITE VYOLASYON NAN KESYON LOJMAN SAN PATIPRI

Asosyasyon yo responsab deklarasyon ak aksyon moun ki travay nan non yo, tankou manm konsèy yo, administratè pwopriyete yo, anplwaye antreten yo ak ajan byen imobilye yo. Asire tout anplwaye yo gen konnen responsablite yo nan kesyon lojman san patipri.